ISSN 0207-6551

8

2019

6+

# НУР



ЩІыуэпсым и щапІэ
Уэгъу
Уэ
Борэн
Толъкъун
Уэс
Уэсэпс
Уэшх
Жэп
Уафэ
Іумыл
Щыблэ
Жьыуей
Уахэ
Пшагъуэ
УэфІ
Уэс борэн
Мазэ


Пшэ
Уэм
Вагъуэ
Уэлбанэ
Мыл
Дыгъэ
УэтI-псытI
Абы и пэкIэ сыт къэтщтэн хуейр, КIунэ?
Дадэ, кхъыIэ, къэдгъащтэ мо лэгъупыкъур. Сехъуэпсащ.
лэгъупыкъу
Жьыбгъэ
Уае
Гъэм и зэманхэр зэблокI, дунейм и къэхъукъащIэхэм захъуэж.
Уэ дэтхэнэр нэхъ уфIэфI? Къытхуэтх. Instagram: nur_kbr_
Зыгъэхьэзырар Жэмборэ Iэсиятщ



# ХЪУЭЖЭ И ХЪАРБЫЗ ШХЫКІЭР

Еуэри, жеІэ, Хъуэжэ зы джэд закъуэ иІэти, бэзэрым ихьщ, ищэщ, къыщІэкІамкІэ хъарбыз къуэлэнышхуэ къищэхури къэкІуэжащ. Ар зылъэгъуа и ныбжьэгъужьхэри кІэщІкІэ и ужь иту къызэхуэсащ. Хъуэжэ ахэр кърагъэтІысэкІщ, езыр унэкум итІысхьэжщ аби:

– Сэ нобэ зы хъарбызыжь къэсщэхуащи, ар хъарбыз зэрашхкІэ умышхыныр гуэныхьщ, – жиІащ. – ФщІэрэ фэ ар зэрашхыр?

– Ахьай тщІэрэ, щхьэ дымыщІэу! – жаІэ и ныбжьэгъужьхэми.

– Дауэ-тІэ?

– Дауи щхьэуи хэмылъу: бзыгъэ-бзыгъэу яупщІатэри и кур яшх, и фэр хыфІадзэж.

Хъуэжэ къащодыхьэшх:

– Ара хэфщІыкІри?

– Сыт-тІэ абы нэгъуэщІу хэлъыр? – зоплъыж къызэхуэсахэр. – КъыджеІэт!

– АтІэ, фыкъаплъи, фигу ивубыдэ! – жеІэ, и щхьэгъусэм йоджэри Іэнэр кърегъэхь.

Хъарбыз къуэлэныжьыр Iэнэм къытрелъхьэри Iэдакъэсэкiэ бзыгъэ-бзыгъэу еупщIатэ.

– Иджыпсту пщым я хъарбыз шхыкIэм фыкъеплъ! – жери хъарбызыку къабзэр щIегъэмэракIуэ.

– Иджы уэркъым я хъарбыз шхыкIэр фызогъэлъагъу! – жери хъарбыз бзыгъэхэр къри–гъэжурэ ешх.

– Ещанэу былым хъарбыз шхыкIи щыIэщи, фыкъеплъ! – жери хъарбызыфэхэр ешхыж.

– ЕплIанэуи джэд хъарбыз шхыкIэ щыIэщи, фызогъэлъагъу! – жери хъарбыз жылэхэр къиищыпыжурэ ешх.

– Хъарбызым шхыкIиплI иIэщи, плIыри зыщывмыгъэгъупщэ.

– Уэлэхьи, абы щыгъупщэ имыIэ! – жаIэри Хъуэжэ и ныбжьэгъухэр йожьэж.

Ауэ щыхъуам деж, цIыхум я хъарбыз шхыкIэри зэвгъащIэ! – якIэлъоджэ абыхэм Хъуэжэ.

Гупыр зэщIоувыIыкI:

– Ари дауэ?!

– Къывэмыджауэ хъарбызашхэ фымыкIуэ!



Зыгъэхьэзырар:
Хьэлилэ Миланэ

АБРОКЪУЭ Беллэ

# ДИ КЪУАЖЭЦІЭХЭР бзэгъэбзэрабзэ

Псынабэ – псынэ зи бэ,
Псыбафэ – псынэ ныбэ.





Къэрэгъэшу зызыгъэш,
Сезыгъэшу сызыгъэш.



Дыгъэ нанэ Арщыданым
Дыщэ Іунэу щедэ джанэ.

Псыхъурейуэ псы хъерыпсэ,
Псыхъуэ псыхъэу хъуреипсэ.

Шэрэдж ныджэм йопыджауэ,
Джабэ бынжэм йоджэбауэ.



Зэрэгъыж зегъэмызыж,
Зэмызэгъыр мызэгъэж...

Къулъкъужыну тхьэрыIуэкъуэ
ЩоIу къуркъуркъуу тхьэрыкъуэкъуэ.



# ГЪЭМАХУЭ И ЗЫ МАХУЭ






Зыгъэхьэзырар: Хьэлилэ Миланэ

## ЛопцафIэ

Сабий Iэкъуэшакъуэу
Зэдэлъху-зэшыпхъуиблI!
Дыхъумэ IэкIуэлъакIуэ,
ТхузэфIокI IуэхуиблI!

Си шыпхъу Фузэ – **зыуэ**,
ПэтIей ТIинэ – **тIууэ**,
ЩауэцIыкIу **ещанэу**,
ПлIабгъуэ Лу **еплIанэу**,
НэкIуху Хужь **етхуанэу**,
Хасик ди **еханэу**,
Блу – сра**ебланэу**

**Дохъу пщафIэ цIыкIуиблI!**



АБРОКЪУЭ Беллэ



Щауэцlыкlу еукъэбзыр нащэ,
Бэдрэжаныри етхьэщl.
Гъыуэ бжьыныр егъэщащэ
Тlинэ, нэпсыр худолъэщl.
Къуэныр Хасик еупщlатэ,
Къуэнтхъурейр Лу зэпегъэж,
Хекlэ шатэр ди Хуж тlатlэ,
Шыгъур Фузэ хекlутэж.
«Шыбжий» папщlэ сэ – еблэнэ
Блу – чэнджэщ а хым изот.
Хьэзыр хъумэ, я салатыр
Къахьри япэу сэ къызат!




бэдрэжан – 5
нащэ – 4
бжьын – 1
шатэ лошкlэшхуэ – 2
къуэн (петрушка), къуэнтхъурей (укроп), шыгъу, шыбжий фызэрыхуейуэ.

# КОМПЬЮТЕРЫМ ИПЭКIЭ ЩЫIА ЗЭРЫДЖЭГУ ХЬЭПШЫПХЭР




## Тетрис

Дуней псор зыгъэпIейтея тетрис джэгукIэр къэзыгупсысар урыс программист Пажитнов Алексейщ. Иджырей ныбжьыщIэхэм ар ямыцIыхуми, зылъэгъуахэм тынш дыдэу къащыхъуми, сабийри балигъри дэзыхьэх компьютер джэгукIэхэр зи фIыгъэр аращ. ЩIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, абы удихьэхым имызакъуэу, уи акъылри нэхъ жан ещI.



## Курыжэшыхь (Слинки)

1943 гъэм инженер Ричард Джеймс опыт игъэуву зы курыжэшыхь (пружинка) къыIэщIэхуащ. Ар мыувыIэу зэрыбакъуэр щилъагъум, апхуэдизу игъэщIэгъуати, джэгукIэ хьэлэмэт къыхищIыкIыну мурад ищIащ. Нобэр къыздэсым курыжэшыхьыр сабийми балигъми яфIэфIу зэрахьэ. ЗэрыжаIэмкIэ, абы зэшыр, тэмакъкIэщIагъыр пщхьэщех.



## КIэнджэгу лIэужьыгъуэ (Фишки)

XVII-нэ лIэщIыгъуэм «Мэнко» джэгукIэр Японием къыщагупсысащ. ЯтIагъуэм къыхэщIыкIауэ зи напащхьэ егъэзыха жетонхэм еуэрти, ягъэлъейрт. И напащхьэ къыдэгъэзеяуэ нэхъыбэ къыхэзыудыфыр текIуэрт, жетон къыхиудахэр къыхуэнэрт. 1997 гъэм тхылъымпIэ Iувым къыхэщIыкIауэ а джэгукIэр Урысейм къыщацIыхуащ, сабийхэр псынщIэу дихьэхащ. Япэрауэ, уриджэгуну тыншщ, етIуанэрауэ, пудщ, дэни къыщыпщэху мэхъу.



## Бжьамииплъэ (Калейдоскоп)

XVIII-нэ лIэщIыгъуэм урысей щIэныгъэлI Ломоносов Михаил гу лъитащ гъуджэ зэрыт бжьамийм абдж къутахуэ зэмыфэгъухэр ипкIутэмэ, тхыпхъэщIыпхъэ гъэщIэгъуэн зэрыуигъэлъагъум. Къутахуэхэм я щытыкIэм, я бжыгъэм елъытауэ, тхыпхъэхэм захъуэжырт, бжьамийр щыбгъэкIэрахъуэкIэ. Ломоносов ищIахэм щыщу бжьамииплъищ Бытырбыху и Эрмитажым щахъумэ.



## ПлIимэ зэфэзэщ (Кубик Рубика)

1974 гъэм щIэныгъэлI Эрнё Рубик архитектурэм тыншу ухуезыгъаджэ Iэмэпсымэ къигупсысащ. Абы и лъэныкъуэ къэс зэфэзэщу зэхуэбгъэкIуэным зэман куэд ехь, уегъэгупсысэ. Нобэ плIимэ зэфэзэщыр секунд бжыгъэкIэ зэпкърызылъхьэ щыIэщ. Абыхэм я нэхъ цIэрыIуэ дыдэр Феликс Земдегс (Австралие, илъэс 22-рэ) секунди 4,22-кIэ зэхуехьэс.

Зыгъэхьэзырар КIурашын Фатимэщ

# ДАУЭ ДУНЕЙР НЭХЪЫФI ТЩIЫНУ?

## Интернет упщIэ-жэуап

«ГъащIэр нэхъыфI хъунт цIыхухэр щабэу, псалъэ Iей жамыIэу, дунейр ямыуфIейуэ, я хадэхэр къабзэу зэрахьэу щытамэ».
Аминэ, илъэсибгъу.

«Дунейр нэхъыфI зыщIынур президентымрэ мыбы щыпсэу цIыхухэмрэщ. Iэщэ ирамыщI! Жыг, удз гъэгъа дахэ ягъэкIмэ, дунейр нэхъыфI хъунущ».
Дианэ, илъэсибгъу.

«ЕджапIэм е лэжьапIэм машинэкIэ дымыкIуэу лъакъуэрыгъажэ къэдгъэсэбэпмэ, дэри нэхъ узыншэ, ди щIыналъэри нэхъ къабзэ хъунущ».
Айдемыр, илъэсипщI.

«Мэзым щыпсэу псэущхьэхэм, абы къыщыкI къэкIыгъэхэм дакIэлъыплъмэ; зоопаркхэр, цирккхэр зэхуэтщIу, заповедник зэдгъэпэщмэ, дунейр нэхъыфI хъуну къысщохъу».
Арианэ, илъэсипщI.

«ЦIыхухэр гуфIэу, зыр зым дэIэпыкъуу, дунейр къабзэу зэрахьэу псэумэ, гъащIэр нэхъыфI хъунущ».
Ясминэ, илъэситху.

«Зыми сыфIэмынэмэ, сырикъуху си ныбжьэгъухэм садэджэгумэ, IэфIыкIэ куэду сагъэшхмэ, си дунейр нэхъ дахэ хъунущ».
Нурмухьэммэд, илъэсиплI.

«Къэралхэм я зэхуаку зэныбжьэгъугъэ дэлъмэ, зауэ щымыIэжмэ, цIыхухэм Iэщэ ямыщIу тхьэмыщкIэхэм сэбэп яхуэхъумэ – аращ ди гъащIэр нэхъыфI зыщIынур».
Темыркъан, илъэс пщыкIутху.

Ди ныбжьэгъу цIыкIу, уэри а упщIэм егупсыси, уи жэуапыр къытхуегъэхь.
Instagram: nur_kbr_
nur.kbr1982@yandex.ru

Зыгъэхьэзырар ХъуэкIуэн Фатимэщ

# ДОТХЪЭ-ДОГУФӀЭ-ДОЩЫПЭ

| | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| А | Кӏу | Я | П | Гъ | М | Э | Къу | А | У | Э | Гъу | Э | Ч | Лъ |
| Цӏ | Гъу | Э | Р | Ы | Гъу | А | П | Щ | Кӏу | Э | Ф | Тӏ | Кхъ | М |
| П | Щ | Хъ | Л | Й | Лъ | Ӏ | Н | Дз | Ь | А | Ӏу | Хъ | В | Э |
| С | Э | М | Хь | Жь | Ы | Ч | Я | Гу | Р | Щ | У | А | Й | Р |
| Ы | С | Б | Ӏу | Р | Гъ | Э | М | А | Ху | Э | Г | Р | И | А |
| Хъу | А | Дж | Кхъ | Т | С | Дж | Ӏ | Ъ | Лӏ | Кхъ | Тӏ | Б | Н | Кӏу |
| Э | Б | Э | Ӏу | Н | У | Р | Фӏ | В | О | З | Щӏ | Ы | Я | Э |
| Ч | И | Гу | В | Ё | Ку | Ку | Х | Жь | Д | Э | Ӏ | З | М | Дж |
| Ю | И | Кӏ | М | У | Н | А | Гъу | Э | Э | Ы | Б | Хъ | Цӏ | Н |
| Ӏ | Гъу | Э | Хь | Къу | Д | Кӏу | А | У | Й | Щӏ | Хъу | С | Дж | А |
| Э | Э | И | П | Хъ | Э | Щ | Хь | Э | М | Ы | Щ | Хь | Э | С |
| Фӏ | Фӏ | Щ | В | Ш | Ч | С | Л | Р | Ь | Ы | И | Гъу | Е | Ы |
| Ы | Гу | Фӏ | Э | Гъу | Э | Р | Лъ | Тӏ | Д | Ы | Гъ | Э | Ӏу | П |
| Кӏ | Я | Тӏ | Щӏ | Ф | Фӏ | К | М | Ӏ | Ш | Пӏ | Я | С | И | Кӏу |
| Э | Ё | Гу | Б | Гъу | Э | Дз | У | Ю | Н | А | Р | Т | Ы | Ху |



гъэмахуэ пхъэщхьэмыщхьэ сабиигъуэ нур мэракӏуэ
мэкъуауэгъуэ гъуэрыгъуапщкӏуэ дыгъэ гуфӏэгъуэ хъарбыз
псыхъуэ ӏэфӏыкӏэ джэгукӏэ унагъуэ нартыху губгъуэ насып

Псалъэхэр къыпхуэгъуэтыну?

Зыгъэхьэзырар Кӏурашын Фатимэщ

# 2019-м ВАГЪУЭХЭМ ЖАІЭР

**ТІы**
(овен) 21.03-20.04
Псым тесу жьым йопыдж,
Ар мафІэщ, емылыджщ.

**Танэ**
(телец) 21.04-20.05
ТІэкІу хуэщхьэхынэми, куэд хузэфІокІ.
ЩІэншэу гурыхуэщи, сытри хульокІ.

**ЗэтІолъхуэныкъуэ**
(близнецы) 21.05-20.06
«Вагъуэу дапщэ уэм изагъэр?
Хэт ар? Сыт ар?» – упщІэрейщ.

**Елыркъэш**
(рак) 21.06-22.07
Анэгу, унэгу, гу щабэ,
Щэху цІыкІуу сабий гуапэ.

**Аслъэн**
(лев) 23.07-22.08
ЗэІэр пичу, куэд хульокІ,
ЗэфІэкІышхуэ къыбгъэдокІ.

**Хъыджэбз**
(дева) 23.08-22.09
Нанэ и дэІэпыкъуэгъущ,
Уэ пхуэхъунущ ар ныбжьэгъу.

**Тэрэзэ**
(весы) 23.09-22.10
АкъылыфІэ уэршэрэгъу,
Хэти хуохъу дэІэпыкъуэгъу.

**Бэдж**
(скорпион) 23.10-22.11
Іуплъэм хужиІэнущ «пхъашэ!»,
Абы и гум куэд щегъэпщкІу.

**Шабзауэ**
(стрелец) 23.11-21.12
Пкъымызагъэ, гумызагъэ,
Еджэныгъэми хэзагъэ.

**Ажэ**
(козерог) 22.12-19.01
ГъэсэгъуафІэу хьэл-щэн дахэ,
НыбжьэгъуфІ, сабий гумахэ.

**Псыутх**
(водолей) 20.01-19.02
АкъылыфІэщ ар, ерыщщ,
Іуэхуу хъуами щыпэрытщ.

**Бдзэжьей**
(рыбы) 20.02-20.03
Уоплъ. И нэгум нур кърех,
УІуплъамэ, гур пІэпех.

Зыгъэхьэзырар: ПщыукІ Сарие


*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 8 2019 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
*Б. М. АБРОКОВА*

Редатор
*П. ХАТУЕВ*

Художественный редактор
*М. ХАЛИЛОВА*

Набор и вёрстка
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

Корректор
*Ф. КУРАШИНОВА*

Редакционный совет:
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*
*П. ХАТУЕВ*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике.
Рег. ПИ № ТУ07-00125
от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати
02.08.2019 г.
Выход в свет 28.08. 2019 г.

Формат 60x90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 2150 экз.
Заказ № 301
Индекс 73912

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 14,83 руб.;
за 6 мес.– 88,98 руб.



Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30

**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017,
г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КБР-Медиа».
Дом печати.



Отпечатано в типографии
ООО «Тетраграф»
360000, КБР, г. Нальчик,
пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.


УИ
СУРЭТ
ТЕГЪАПЩІЭ